Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moo ëppoon kersa jigéen gi sëyagul, bu gisee mbir mu mu bañ ci kanamam gi lañu koy xame

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moo ëppoon kersa jigéen gi sëyagul, bu gisee mbir mu mu bañ ci kanamam gi lañu koy xame.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Abuu Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm day xibaare ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moo ëppoon kersa jigéen ju ndaw ju sëyagul jaxasoogul ak góor ñi tey làqu ci këram, bokk na ci kersaam gu tar bu daan bañ dara kanam gi day soppiku te du wax, waaye Sahaaba yi dañuy xame bañeel gi ci kanam gi

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3153